



Pou Piblikasyon Imedya: 09/12/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PRIM POU DEVLOPMAN EKONOMIK OTORITE ENÈJI NEW YORK K AP SIPÒTE PLIS PASE 620 ANPLWA TOUPATOU NAN ETA A

Prim alokasyon enèji ReCharge NY ak lòt prim devlopman ekonomik nan Rejyon Lwès New York ki apwouve pa Konsèy Administrasyon an estimile plis pase 127 milyon dola nan investisman kapital prive

Komisyon Konsèy NYPA pral konsidere eleman anplwa vèt nan fiti aplikasyon yo pou prim devlopman ekonomik yo

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Konsèy Administrasyon Otorite Enèji New York (New York Power Authority, NYPA) la deja apwouve 11 prim devlopman ekonomik ki pral sipòte plis pase 620 anplwa toupatou nan eta a epi ki pral estimile plis pase 127 milyon dola nan investisman kapital prive. Yo ap bay uit nan prim yo atravè alokasyon enèji ReCharge NY, pandan ke rès twa ki rete yo lye ak inisyativ espesifik yo ki konsantre sou Rejyon Lwès New York. Konsèy la mete ajou kritè pou evalye benefisyè prim devlopman ekonomik yo tou pou enkli sipò aplikan yo pou anplwa vèt ak fabrikasyon nan New York la.

*"Pandemi an deja gen yon efè devastatè sou ekonomi an, men gwo defi sa a tou reprezante yon opòtinite pou New York bati pi byen pase anvan", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "An akò avèk objektif vèt nou yo, nou ap founi kèk nan elekrisite ki pi pwòp ak pri ki pi ba nan eta a pou diminye fado ekonomik lan ke COVID koze, ranfòse konpayi ak ONG New York yonan nouvo nòmal sa a, ak kenbe ak kreye anplwa nan eta nou an."*

*"Nou angaje nou nan kontinye investi nan devlopman ekonomik ak fòmasyon pwofesyonèl pandan n ap batay kont pandemi COVID-19 la", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Prim devlopman ekonomik sa yo pral ede sipòte plis pase 620 anplwa toupatou nan eta a, enkli nan Rejyon Lwès New York. Pandan n ap travay pou rebati pi byen epi ranfòse ekonomi nou an, nou vle asire Nouyòkè yo gen opòtinite ak resous pou konsève ak garanti bon jan anplwa pandan n ap avanse efò nou yo pou revitalize kominote yo ak konbat chanjman klima pou yon Eta New York ki pi pwòp, pi vèt ak pi fò."*

Alokasyon apwouve ki gen plis pase 5,400 kilowat (kW) enèji nan pri ki ba nan kad pwogram ReCharge NY la ale jwenn uit konpayi nan New York Santral, Rejyon Lwès

New York, ak nan Long Island epi sipòte dirèkteman 523 anplwa—gen 81 ki fèk kreye—ak prèske 113 milyon dola nan investisman kapital.

Yon lis konplè alokasyon enèji ReCharge NY yo ak prim devlopman ekonomik yo disponib [isit la](#).

Pwogram ReCharge NY Gouvènè Cuomo a ranfòse ekonomi Eta New York la nan ankouraje konpayi yo pou konsève ak kreye anplwa, pandan l ap sisite investisman kapital nan tout eta a. ReCharge NY ofri kontra enèji pou jiska sèt ane. Mwatye nan enèji a—455 megawatt (MW) - soti nan santral idwo-elektrik Niagara ak St Lawrence-Franklin D. Roosevelt NYPA yo. Rè 455 MW la se kouran elektrik pi bon mache NYPA te achte sou mache an gwo a.

John R. Koelmel, prezidan NYPA a ak rezidan nan Buffalo, te deklare, "Pandan nou toupre fen yon ane trè difisil, NYPA kontinye rantabilize tout zouti devlopman ekonomik li yo pou sipòte kwasans anplwa ak kwasans investisman kapital atravè New York. Alokasyon enèji nan tout eta a atravè pwogram ReCharge New York Gouvènè a ak alokasyon idwo-enèji Niagara nou yo ak prim finansman nan Rejyon Lwès New York yo fèt pou fè anplwaye yo retounen nan travay nan tout eta san danje".

Gil C. Quiniones, prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYPA te deklare, "Anba plan NY Forward Gouvènè a, eta a ap bouje san danje anba pandemi an epi NYPA pran angajman pou ede biznis yo redrese yo. Alokasyon enèji ak finansman jodi a yo pral bay antrepriz yo jarèt toupato nan eta a pliske avantaj sa yo ale dirèkteman nan liy debaz yo".

Komisè Pwovizwa, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral yo nonmen pou Empire State Development, Eric Gertler te deklare, "Nou fyè pou nou travay avèk NYPA pou sipòte fabrikan yo nan Rejyon Lwès New York pandan yo ap rankontre defi ekonomik ekstraòdinè yo ane sa a. Siksè ak ekspansyon kontinyèl MonoSystems, ajoute nouvo anplwa ak opòtinite, se jis yon egzanp sou ki jan kominote a ap travay di pou rebati pi byen".

Konsèy NYPA a apwouve tou yon alokasyon idwo-enèji 700 kW nan Niagara Specialty Metals nan Akron ak yon alokasyon idwo-enèji 180 kW nan MonoSystems nan Buffalo. Niagara Specialty Metals, ki se yon manifakti pwodwi asye ak metal, pral kreye senk nouvo anplwa, konsève 37 lòt, epi fè prèske 13 milyon dola nan investisman kapital. Alokasyon enèji dis ane a pral sipòte yon ekspansyon plizyè ane ki mande pou achte ekipman tretman, ki gen ladan acha ak enstalasyon yon nouvo laminwa pou pwodwi alyaj.

MonoSystems, ki se yon fabrikan solisyon fil ak kab prensipalman itilize pa enjenyè ak kontraktè elektrik yo, li pral kreye 15 nouvo anplwa, konsève 80 lòt epi li pral fè plis pase 420,000 dola nan investisman kapital. Alokasyon enèji dis ane a pral sipòte ekspansyon konpayi an nan etablisman Buffalo li an epi pèmèt konpayi an pwodwi klòri polivinil ekstride, ke yo achte nan men Lachin aktyèlman. Anplis de sa, Empire State

Development (ESD) ap ede konpayi an avèk pwojè ekspansyon an avèk jiska 240,000 dola nan kredi taks Excelsior Jobs an echanj ak angajman pou kreyasyon anplwa.

Yo te apwouve tou yon prim final 220,000 dola nan kad pwogram Resèt Kouran Rejyon Lwès New York (Western New York Power Proceeds) pou River Road Research ki pral mobilize plis pase 1 milyon dola nan investisman kapital. Antrepriz la ap chèche etabli yon operasyon nan Buffalo pou transfòme dechè alimantè an yon pwoteyin ensèk ki ka itilize nan akwakilti ak pou manje bèt volay. Nouvo lokal tretman pral gen ladan yon sal pou pwodiksyon ze, sal kwasans, sechwa aspiratè, ak près a vis pou demontre rantabilite teknoloji a epi devlope ak komèsyalize pwodwi ki ka komèsyalize avèk siksè. Teknoloji a dirab sou plan anviwònmanal epi li adrese pwoblèm sosyete sa yo tankou twòp lapèch ekseksif nan vwa navigab natirèl yo, sekirite alimantè ak chanjman klimatik. Prim finansman NYPA rive posib gras ak revni nèt ki soti nan lavant kouran idwolik ki pa itilize ki soti nan santral kouran NYPA Niagara a ak branch ki soti nan pwojè lwa resèt kouran ke Gouvènè Cuomo te siyen pou vin tounen lwa an 2012.

Konsèy NYPA a te apwouve tou nouvo kritè pou evalye aplikan prim devlopman ekonomik yo kounye a pou konsidere sipò aplikan yo pou travay vèt ak fabrikasyon nan Eta New York. Sa pral avanse ekonomi enèji pwòp k ap grandi nan tout eta a anba Gouvènè Cuomo ak Lwa Sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) a. NYPA pral kòmanse drese rapò tou sou sipò li pou anplwa ak fabrikasyon vèt atravè plizyè pwogram devlopman ekonomik li yo. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou opòtinite pou kwasans biznis Otorite Enèji a sipòte yo sou pajwèb [Devlopman Ekonomik](#) NYPA a.

Manm Asanble Eta New York la, Michael J. Cusick, Prezidan Komite sou Enèji a, te deklare, "Nan moman ensèten sa yo li entèresan pou wè yon anons ki pwomèt konsa nan kwasans ekonomik. Anons kreyasyon anplwa ak investisman kapital nan Eta New York se yon nouvèl ke yo byen akeyi. Anons nouvo alokasyon sa a ki apwouve pa NYPA nan kad pwogram ReCharge NY la se prèv ki montre objektif eta nou an pou kreye anplwa ak pwodwi ak founi enèji pwòp, efikas, ak pri ki ba rete priyorite prensipal eta a nan kèlkeswa sikonstans yo".

Senatè Eta New York la, Michael H. Ranzhofer te deklare, "Pandan moman difisil sa yo, mwen kontan wè investisman sa yo nan kominote nou an. Devlopman ekonomik ak kreyasyon anplwa vin pi enpòtan pase anvan epi finansman sa a pral ede pote tou de nan Rejyon Lwès New York la. Mwen pa ka tann pou mwen wè fen pwojè sa a".

Lidè Majorite nan Asanble Eta New York la, Crystal Peoples-Stokes, te deklare, "Aksè ak enèji a ba pri enpòtan pou fabrikasyon ak kreyasyon anplwa. Gras ak alokasyon 180 kW NYPA nan enèji nan MonoSystems nan Buffalo, konpayi sa a pral kapab kreye plis anplwa epi byen elaji anprent fabrikasyon li an alavni".

Manm Asanble Eta New York la, Michael J. Norris, te deklare, "Founi kouran a ba pri pou biznis lokal yo nan Rejyon Lwès New York la enpòtan pou sipòte kwasans ekonomik ak kreyasyon anplwa. Mwen fyè pou mwen reprezante ak sipòte yon bijou

endistriyèl ki kache nan Vilaj Akron epi mwen bat bravo pou Niagara Specialty Metals pou siksè kontinyèl pa yo. Mwen pa ka tann pou mwen travay avèk Gouvènè a sou inisyativ ekonomik alavni pou sipòte endistri ak biznis lokal nou yo".

Manm Asanble Eta New York la, Pat Burke, te deklare, "MonoSystems te tante chans li nan Buffalo alòske se kèk lòt ki te fè sa. Yo te demenaje operasyon yo soti nan Vil New York rive nan Buffalo nan kòmansman ane 90 yo epi depi lè sa yo ap kreye anlwa ak envesti nan kominote nou an. Li enpòtan anpil pou enèji nou pwodwi isit la nan Rejyon Lwès New York benefisyè Rejyon Lwès New York; sa a se yon bon egzanzp de sa an aksyon".

Plan Klima Nasyonal Eta New York la

Plan klima nasyonal Gouvènè Cuomo a se inisyativ klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, k ap fè apèl a tranzisyon òdone epi ki jis nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt pandan Eta New York ap rebati pi byen jan l ap retabli anba pandemi COVID-19 la. Enplemante an lwa nan Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè, New York sou chemen pou atenn objektif obligatwa li yo nan ekonomi netralite kabòn sou echèl ekonomik ak reyisi yon sektè elektrisite zewo emisyon kabòn apati 2040, pi rapid pase nenpòt ki lòt eta. Li fonde sou akselerasyon san presedan enèji pwòp New York la ki gen ladan envestisman 3.9 milya dola nan 67 pwòjè enèji renouvlab ak gran echèl toupatou atravè Eta a, kreyasyon plis pase 150,000 pòs travay nan sektè enèji pwòp New York la, yon angajman pou devlope plis pase 9,000 megawat enèji ewolyèn bò 2035, ak 1,800 pousan kwasans nan sektè enèji solè ki distribye depi 2011. Konsèy Aksyon Klima New York ap travay sou yon plan kadraj pou bati sou pwogrè sa a epi redwi emisyon gaz efè de sè nan 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 apati 2050 pandan y ap asire ke omwen 40 pousan nan avantaj ki genyen nan envestisman enèji pwòp ale nan avantaj kominote defavorize yo ak avanse pwogrè nan direksyon sib efikasite enèji 2025 eta nan diminye konsomasyon enèji sou sit pa 185 TBtus.

Enfòmasyon sou NYPA

NYPA se pi gwo òganizasyon enèji piblik Eta nan nasyon an, ki ap jere 16 etablisman ki ap pwodwi enèji ak plis pase 2,253 kilomèt sikwi liy transmisyon. Plis pase 80 pousan elektrisite NYPA pwodwi se enèji idwolik renouvlab ki pwòp. NYPA pa itilize lajan taks oswa kredi Eta. Li finanse operasyon li yo apati obligasyon yo vann ak revni li resevwa an gran pati atravè elektrisite yo vann. Pou w jwenn plis enfòmasyon vizite www.nypa.gov ak renmen nou sou [Twitter](#), [Facebook](#), [Instagram](#), [Tumblr](#) ak [LinkedIn](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)